

Eta New York

Pwogram Èd Lwaye pou Mèt Kay (LRAP)

Kesyon Moun Poze Souvan

1. Kisa Pwogram Èd Lwaye pou Mèt Kay la ye epi ki èd li bay?

Pwogram Èd Lwaye pou Mèt Kay (Landlord Rental Assistance Program, LRAP) la se yon pwogram pou soulajman ekonomik yo elabore pou ede nan aryere lwaye yo ki akimile pandan moratwa ekspilsyon COVID-19 la pou pwopriyetè yo ki gen lokatè ki pa vle aplike pou [Pwogram Èd Ijans pou Lwaye \(ERAP\)](#), sa gen ladan kote lokatè a te kite pwopriyete lokasyon an.

Pwogram lan pral ede mèt kay ki kalifye yo jwenn peman lwaye yo dwe yo. Aplikan yo apwouve yo ka resevwa:

- Jiska 12 mwa peman lwaye yo dwe pou peye lwaye ki te akimile nan dat oswa apre 1 mas 2020.

Y ap voye peman yo dirèkteman bay mèt kay la. Y ap enfòme mèt kay yo alekri sou kantite lajan yo te peye nan non yo.

2. Èske mwen kalifye pou Pwogram Èd Lwaye pou Mèt Kay (LRAP) la?

Mèt kay yo nan Eta New York ka kalifye pou LRAP si tout sa ki annapre la yo aplike:

- Mèt Kay la gen yon lokatè ki te kite pwopriyete lokasyon an san li pa peye aryere li dwe yo oswa mèt kay la gen yon lokatè ki rete nan yon apatman ki gen aryere lwaye men li pa dakò aplike pou ERAP.
- Montan lwaye inite a egal oswa pi ba pase [150 poustan Lwaye Mache Ekitab \(Fair Market Rent, FMR\)](#) la ki baze sou konte a ak kantite chanmakouche yo. Si montan lwaye inite a depase 150% FMR la, mèt kay la p ap kalifye pou èd.
- Mèt kay la te kontakte lokatè yo a pou ankouraje patisipasyon nan ERAP nan omwen 3 fwa, sa gen ladan 2 fwa alekri epi ap bezwen ateste egzijans sa a.
- Mèt kay la te dokimante aryere lwaye lokatè a oswa ansyen lokatè a dwe nan rezidans li pou depans lwaye yo nan 1ye mas 2020 oswa apre.

Pa gen okenn egzijans pou sitwayènte oswa estati imigrasyon pou kalifye pou pwogram lan.

Remak Enpòtan Konsènan Tretman Aplikasyon Priyorité a

Pou aplikasyon nou resevwa pandan premye 45 jou LRAP lan, priyorite prale pou mèt kay ki posede yon bildin ki gen 20 inite oswa mwens.

Apre 45 jou yo, aplikasyon pou tout mèt kay ki kalifye yo ap trete sou baz premye vini, premye sèvi, toutotan lajan an rete disponib.

3. Si mwen se yon mèt kay ki te ranpli yon aplikasyon ERAP ke lokatè mwen an pa te ranpli, èske m ap bezwen ranpli yon nouvo aplikasyon pou LRAP?

Wi, LRAP se yon nouvo pwogram epi egzijans pwogram lan diferan de ERAP.

4. Èske lokatè ki pa vle aplike pou ERAP pou èd lwaye kapab aplike pou èd pou aryere sèvis publik atravè ERAP?

Non. Si yon lokatè pa vle aplike pou èd aryere lwaye, li pa kalifye pou èd pou sèvis publik atravè ERAP.

5. Èske gen yon limit revni pou lokatè oswa mèt kay la ki pral itilize lè y ap detèmine kalifikasyon LRAP la?

Non. Ni revni yon lokatè ni revni yon mèt kay p ap konsidere lè y ap detèmine kalifikasyon pou LRAP.

6. Ki kalite pwopriyete lokasyon ki kalifye pou èd LRAP?

Kalite pwopriyete lokasyon rezidansyèl annapre yo kalifye pou èd LRAP:

- Apatman;
- Diplèks;
- Kay inifamilyal ki pa kole ak lòt kay/Kay;
- Kay jimele/Kay an ranje;
- Kay yon sèl chanm; oswa
- Lwaye kay prefabrike oswa lwaye lwaye lo kay prefabrike

7. Èske inite kote lokatè oswa ansyen lokatè yo resevwa yon koupon Chwa Lojman Seksyon 8 oswa ki te gen yon kontribisyon limite pou yon sèten pouvantaj revni ap kalifye pou resvwa èd lwaye nan LRAP?

Pwopriyetè/mèt kay inite kote lwaye fwaye lokatè a limite a yon pouvantaj nan revni fwaye a ka aplike pou èd, men yo p ap evalye aplikasyon yo pou wè si yo kalifye jiskaske yo fin konsidere tout lòt aplikasyon yo epi, apresa, y ap resevwa èd sèlman si rete lajan disponib. Kalite lojman ki afekte yo gen ladan lokatè k ap resevwa yon koupon Chwa Lojman Seksyon 8, yon koupon lojman ki baze nan yon pwojè Seksyon 8 oswa sila yo k ap viv nan lojman publik yo oswa lòt sitiysyon lojman yo kote lwaye a pa ka plis pase yon pouvantaj nan revni yo ki defini.

8. Èske otorite lojman publik yo kalifye pou resevwa èd LRAP?

Otorite lojman publik yo ka aplike pou èd, men yo p ap evalye aplikasyon an pou wè si yo kalifye jiskaske yo fin konsidere tout lòt aplikasyon yo epi, apresa, y ap resevwa èd atravè LRAP sèlman si rete lajan disponib.

9. Ki dokiman yon mèt kay ap bezwen soumet pou LRAP?

Mèt kay yo ak pwopriyetè yo pral bezwen bay:

- **Fòmilè taks W-9** lè yo antre enfòmasyon sa a nan Kont Pwopriyetè a nan pòtay LRAP la.
- **Prèv Pwopriyete** lè yo telechaje enfòmasyon sa yo nan aplikasyon LRAP la.

- **Kontra Iwaye ki Siyen** avèk lokatè oswa ansyen lokatè a, oswa si pa gen okenn kontra Iwaye ekri, yon chèk anile, prèv transfè lajan oswa lòt dokiman sou dènye peman konplè Iwaye a chak mwa. Telechaje paj kontra-Iwaye a ki enkli omwen adrès inite a, lokatè yo ki nan kontra Iwaye a, obligasyon lokasyon chak mwa, ak paj siyati a.
- **Dokimantasyon Iwaye li dwe** a ki soti nan men lokatè oswa ansyen lokatè a lè li telechaje yon fòmilè konfirmasyon Iwaye oswa yon rejis mansyèl ki idantifye kantite lajan li dwe pou lokasyon an chak mwa. Pa enkli peman ki pa atribiye ak Iwaye tankou frè an reta oswa frè pakin.
- **Enfòmasyon bankè** lè yo antre enfòmasyon nan depo dirèk nan Kont Pwopriyetè a nan pòtay LRAP la.
- Si sa aplikab, yon afidavi pwopriyetè a oswa akò ki siyen ki deziyen konpayi/ajan jesyon pwopriyete a kòm benefisyè otorize pou fon LRAP yo.

Pwopriyetè pwopriyete a oswa yon konpayi jesyon pwopriyete ki otorize pral oblige siyen fòmilè aplikasyon an ak sètifica ki asosye ki dakò ke enfòmasyon yo bay la, ki gen ladan kantite lajan aryere yo dwe pou lokasyon, egzat epi li pa diplike yon peman ou te resevwa nan yon lòt pwogram. Si lokatè a toujou rete nan inite a, pwopriyetè a dwe bay dat kote mèt kay la te kontakte lokatè a pou ankouraje patisipasyon nan ERAP.

10. Si yon mèt kay pa te gen yon kontra Iwaye, men te lwe yon pwopriyete ki peye de mwa an mwa, èske mèt kay la ap toujou kalifye pou resevwa èd LRAP?

Wi. Lokatè yo dwe bay dokiman sou kontra Iwaye yo avèk lokatè a – oswa yon kontra Iwaye ki siyen oswa si pa gen okenn kontra Iwaye ekri, yon chèk anile, prèv transfè lajan oswa lòt dokiman sou dènye peman konplè Iwaye a chak mwa.

11. Èske tout Iwaye yo toupatou nan Eta NY kalifye pou èd LRAP?

Wi. Mèt kay yo ki gen pwopriyete lokasyon nan Eta a ka aplike pou LRAP.

12. Èske mèt kay yo ki pa posede yon biling ki gen 20 oswa mwens inite kalifye pou LRAP?

Wi. Yon mèt kay ki posede biling nenpòt gwosè a kalifye pou LRAP. Gade nan Kesyon #2 a pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan fason yo tabli priyorite.

13. Si yon mèt kay aplike pou LRAP, epi lokatè a toujou rete nan inite a, èske mèt kay la oswa mèt pwopriyete a ka mete lokatè a deyò?

Pa gen okenn pwoteksyon otomatik kont ekspilsyon lè yon mèt kay aplike pou LRAP. Sepandan, menm si mèt kay oswa mèt pwopriyete a aplike oswa pa aplike pou LRAP, yo ka entèdi mèt kay la mete lookatè a deyò akòz lokatè a pa te peye Iwaye. Lwa sou Refij Sekirite pou Lokatè (Tenant Safe Harbor Act) a entèdi yon tribunal pou mete yon lokatè deyò dèske li pa peye Iwaye pandan peryòd COVID-19 ki kouvri a, ki te kòmanse 7 mas 2020 epi te kontinye jiska 15 janvye 2022, si lokatè a te sibi difikilte finansye pandan menm peryòd COVID-19 ki kouvri a. Si mèt kay la eseye mete lokatè a deyò akòz lokatè a pa te peye Iwaye pandan peryòd COVID-19 ki kouvri a, lokatè a kapab vini ak difikilte finansye kòm mwayen defans. Si lokatè a kapab montre li te sibi difikilte finansye, mèt kay la toujou kapab pouswiv li lajistis pou l rekipere Iwaye ke lokatè a dwe li, men li pa ka mete lokatè a deyò. Aplis de sa, yon lokatè ki aplike, oswa

te aplike, pou ERA gen dwa ak pwotection kont ekspilasyon ki disponib nan kad pwogram sa. Gade [Kesyon yo Poze Souvan sou Pwogram Asistans pou Lokasyon an Ijans](#).

14. Si yon mèt kay resevwa èd nan LRAP, epi lokatè a toujou rete nan inite a, èske mèt kay la oswa mèt kay la oswa mèt pwopriyete a ka mete lokatè a deyò?

Mèt kay la dwe dakò ak modalite ki annapre la yo kòm yon kondisyon pou yo ka aksepte peman pou lwaye ki dwe yo:

- Peman LRAP la satisfè yon pati nan obligasyon lokasyon lokatè a pou peryòd tan peman an kouvri a.
- Pou l renonse a tout frè reta sou tout dèt lwaye ke peman LRAP la kouvri yo.
- Pou l pa ogmante kantite lajan lwaye a koute chak mwa plis pase kantite lajan yo dwe nan moman yo te ranpli aplikasyon pou èd LRAP la pou mwa ke yo te resevwa èd pou peye lwaye a ak pou ennan apati dat yo te resevwa peman LRAP la.
- Ke yo te kontakte fwaye a omwen twa fwa, de fwa alekri, pou ankouraje patisipasyon nan ERAP.
- Pou l pa mete moun yo te peye lajan LRAP la pou li a deyò akoz kontra lwaye a te ekspire oswa kite l kenbe lwaye a pandan ennan apati dat yo te resevwa peman LRAP la. Yo dwe fè yon eksepsyon pou egzijans sa a si biling lan genyen kat inite oswa mwens epi mèt pwopriyete a oswa fanmi pwòch mèt pwopriyete a gen entasyon vin viv nan inite a touswit pou yo itilize l kòm yon kay prensipal.

15. Si yon lokatè te dwe lwaye anvan pandemi an, èske yon mèt kay kapab toujou resevwa èd LRAP pou mas 2020 - ak apre?

Wi. Yon mèt kay ka toujou aplike pou jiska 12 mwa dèt lwaye yo ki te akimile nan 13 mas 2020 oswa apre dat sa.

16. Èske èd y ap bay nan LRAP la ap sou yon baz premye vini, premye sèvi?

Pou premye 45 jou pwogram lan, y ap bay priyorite ak mèt kay ki gen biling ki gen 20 inite oswa mwens yo epi ki aplike yo.

Apre 45 jou yo, aplikasyon pou tout mèt kay ki kalifye yo ap trete sou baz premye vini, premye sèvi, toutotan lajan an rete disponib.

17. Èske mèt kay ki pa priyorité yo ka aplike pou LRAP pandan premye 45 jou yo, oswa èske yo bezwen ret tann?

Nenpòt mèt kay ki gen yon lokatè ki te kite inite a oswa ki pa vle kopere avèk yon aplikasyon ERAP kalifye pou aplike nan nenpòt moman pandan pwogram lan, sa gen ladan nan premye 45 jou yo.

18. Èske li obligatwa pou siyen aplikasyon alamen oswa ak siyati elektwonik (e-signature)?

Aplikasyon LRAP la ap disponib anliy sèlman, kidonk y ap bezwen siyen li ak siyati elektwonik.

19. Èske li obligatwa pou yo fè yon enspeksyon inite pou LRAP?

Non.

20. Poukisa mèt kay yo oblige bay yon fòmilè taks W-9?

Fòmilè taks W-9 la dwe tape sou pòtay LRAP la pou yo ka resevwa peman LRAP yo.

21. Èske gen yon limit sou kantite lajan yo peye pou kouvri dét lwavey lemwa yo?

Wi. Montan lwavey inite a egal oswa pi ba pase [150 poustan Lwavey Mache Ekitab \(Fair Market Rent, FMR\)](#) la. Limit sa yo varye selon konte a ak kantite chanmakouche yo. Si montan lwavey chak mwa a depase FMR la, mèt kay la p ap kalifye pou èd.

22. Si lokatè mwen te kite inite a, èske gen yon limit sou aryere lwavey mwen ka jwenn?

Wi. Yon mèt kay ka resevwa lwavey pou aryere ki anreta yo jiska mwa lokatè a te kite inite lokasyon an, jiska 12 mwa maksimòm. Pa egzanp, si yon lokatè ki te gen aryere ki anreta pou me rive jiye 2021 te kite inite a nan 2 out san peye lwavey pou out la, mèt kay la ka resevwa aryere yo pou me jiska out. Nou p ap peye aryere yo pou mwa yo ki vin apre mwa yon lokatè te kite inite a.

23. Èske w ap aksepte aplikasyon yo voye pa lapòs pou LRAP?

Non. Si mèt kay oswa pwopriyetè yo bezwen èd pou aplike, kontakte yon [òganizasyon kominotè](#) nan zòn ou an.

24. Èske ERAP pral peye pou frè pou peye avoka mèt kay yo te angaje?

Non.

25. Èske mwen bezwen kreye yon kont pou m ka aplike pou LRAP?

Wi, li obligatwa pou w kreye yon kont sou pòtay la pou w aplike pou LRAP.

26. A ki lè sitwèb la pral aksepte aplikasyon ERAP yo?

Sitwèb la pral aksepte aplikasyon yo 24 èdtan sou 24 osi lontan pwogram lan rete ouvri.

27. Konbyen tan I ap pran avan yon mèt kay resevwa peman apre li fin soumèt yon aplikasyon LRAP?

Yo atann ke y ap trete ka yo nan yon delè 4-6 semèn apati dat yo te soumèt yon aplikasyon konplè. Delè sa a ka varye baze sou nan ki pwen aplikasyon an konplè epi yo soumèt tout dokiman prèv kòrèk yo.

28. Kòman mwen ka mande fè yon aranjman rezonab akoz andikap?

Tanpri di nou si ou bezwen nou fè yon aranjman rezonab pou aplike pou LRAP. Egzanp aranjman rezonab ki disponib yo gen ladan: bay dokiman yo nan yon lòt fòma ki gen ladan: bray, fichye odyo (CD), fòma done (fichye ki aksesib pa mwayen lektè ekran sou CD) ak gwo karaktè (polis karaktè 18 pwen) jan yo mande, oswa komunikasyon pa mwayen relè TTY yo.

Tanpri, rele Liy Dirèk LRAP la nan 1-844-NY1-RENT (1-844-691-7368) pou w konnen aranjman rezonab ki disponib yo. Si ou pa tande byen, gen yon nimewo telefòn TTY ki disponib lè w rele 1-833-843-8829. Ou ka mande yon akomodasyon tou lè w voye imèl bay accessibility@otda.ny.gov.

29. Èske yon pwopriyetè kapab resevwa èd atravè LRAP la pou yon pwopriyete komèsyal?

Non. LRAP la se sèlman pou inite rezidansyèl yo.